

**ÆРИГОНÆЙ Æ КАДÆ КА ГЪÆУАЙ КÆНУЙ, ЗÆРУАЙ ДÆР ÆГЪДАУ УОМÆ ФÆУУЙ!..**

*ХЕТÆГКАТИ Геуæрги (1903-1975), Советон Цæдеси Бæгъатæр, æфсади инæлар: «Алцæмæй æнхæст æфсæддонæн исгъомбæлгæнæн нæййес, не ’фсади евгъуд æхсаргин цаутæмæ æргом æнæздахгæй. Æма æригон æфсæддон æнхæстæй ку балæдæра, æхемæ ке райста æма идарддæр ке хæссуй хестæр фæлтæрти тугъдон кадæ, айдагъдæр гъе уæд сæрбæрзондæй æма зæрдæхцæуæнæй æнхæст кæндзæнæй æ уæззау æфсæддон куст...»*


Цæуун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№36 (956) 2024 анзи 28 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман


**БÆРÆГБОНИ АРФÆ**

## ЗÆРДРОХС ÆМА ÆНÆНЕЗ УОТÆ КАДГИН ХЕСТÆРТÆ!..

Бæрæгбæнттæй нин уæлдай зæрдтагондæр ка фæууй, уонæй еу æй каргун адæймæгути Бон. Бæрæггонд ба цæуй алли анз дæр 1 октябри, уой дæр дуйней берæ рауæнти. Бæрзонд нимади æй махмæ, Иристони дæр. Хестæртæ нин цæйбæрцæбæл цитгийнаг æнцæ, уой фæдбæл нæ рагфидтæлтæй берæ зундгин фæдзæхститæ байзадæй. Æма сæ гъæуама зонæн, рæстуодæй сæ æнхæст кæнæн. Уомæ гæсгæ аци бæрæгбони фæдбæл зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ хестæртæн. Æма син нæ арфити зæгъæн: «Сумах нин айтæ нæ уодæнцойнæн хъаурæдæттæг, нæ рæствæндаггæнæг. Сумахæн уæ цардвæндаг агъазиау æй. Уе ’скъуæлхтдзийнæдтæй мах алкæддæр сæрустур ан æма уи æгæрон арфиаг уодзинан.

Не ’хсæнади ихæс ба абони æй сумахбæл ауодун, уæ царди хуæрзгъæдæдзийнадæ фæххуæздæр кæнунæн гъæугæ уавæртæ аразун æма гъæуама уобæл æновудæй архайæн.

Бæрæгбони фæдбæл уин арфæ кæнгæй ба нæ зæрдæ зæгъуй федар æнæнездзийнадæ, уодиконди цæрдæгдзийнадæ, дæргъвæтийнæ царди амондгун æнзтæ, уæ хеуæнттæ æма къабæзти æновуддзийнадæ. Уæ кæстæрти хортæй бафсæдетæ, нæ хъазар хестæртæ! Уæхе гъæуай кæнетæ!..»

**ФИДИБÆСТИ ЕВГЪУДАДÆ НИН ÆЙ ЗУНДАМОНÆГ ÆМА НИФСДÆТТÆГ**



... Еу лæхъуæн, дан, кæддæр исфæндæ кодта æндæр рауæнтæмæ балций фæццæун. Æма æ мади бафарста:

– Мæ хæццæ фæндаггагæн ци райсон?

– Дæ фиди ном, дæ фиди фарнæ, – адтæй мади дзуапп.

Æма лæхъуæн æ фиди ном, æ фиди фарни хæццæ ранæхæстæр æй балци. Кумæ, цит, бафтуйидæ, уоми æй зæрдиагæй исиуазæг кæниуонцæ – æ фиди цитгиндзийнадæмæ гæсгæ.

Аци хабар, ка ’й зонуй, фегъустаййайтæ, фал уин æй уæддæр еума хатт дæр ма æримистан – алкæмæн дæр æ фиди ном æма фарнæ куд агъазгæнæг æнцæ, уотæ æнæгъæнæ адæмæн дæр æ фидтæлти намус цардгъонгæнæг æй. Уомæ гæсгæ ба, нæ фидтæлтæ цæмæй адтæнцæ тухгин æма уæлахезон, уой æнхæстæй гъæуама зонæн, бæрзонд цæстиварди нæмæ уа æма ’й гъомусæй-гъомусгиндæр кæнæн. Уой фæдбæл нуртæккæ не ’хсæнади медæгæ ци архайд цæуй, уомæн æвдесæн иссæй Дзæуæгигъæуи æрæги арæзт ке ’рцудæнцæ Æхсæндуйнеуон историон скъолай ахуртæ, е дæр. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.

**ХОНÆН УÆ!**



## АЛÆМÆТИ ДЕССАГ ÆЙ Æ ИСКУРДИАДÆ

Не ’мзæнхон искурдиадæгин зартæгæнæг Тайсаути Владимир зундгонд æй æнæгъæнæ Уæрæсей музыкалон аййевадæбæл æновуд дзиллæн. Æ рæстæги æнтæстгинæй каст фæцæй Мæскуй Паддзахадон театралон аййевади А.В. Луначарскийи номбæл институти музыкалон факультет. Цалдæр анзей дæргъи (1988-1994) æнзти адтæй Цæгат Иристони музыкалон театри солист. Уой сценæбæл зардта: Фигаро – «Фигарой киндзæхсæвæр»-и, Къарол Реней «Иоланта»-йи, Самюэл «Бал-Маскарад»-и, зæронд цигайнаг «Алеко»-й, къниаз Франческу «Граф Люксембург»-и, Анджелотти «Тоска»-йи, Наиб – «Фатимæ»-йи, Бесол, Фарнæ – «Зæхх сиды» – Цорионти Р., Хъубади – «Къоста»-й æма спектакльти.

Тайсауи-фурти архайд сæ зæрдæбæл хуарз бадардтонцæ æригон театрдзаутæ дæр. Архайдта «Буратини хабæрттæ», «Золушка», «Тикис Леопольди райгурæн бон» æма æндæр спектакльти.

Дзæуæгигъæуи косгæй ма разæнгардæй архайдта, Гæздæнти Болат разамунд ци адæмон оркестрæн лæвардта, уой хæццæ дæр.

Тайсаути Владимир 1994 анзæй фæстæмæ косуй Перми оперæ æма балети академий театри раздзæуæг зартæгæнæгæй (бас). Заруй еугур репертуарон музыкалон уадзимистæй еугуреми дæр.

Нур ба Цæгат Иристони цæргутæн дæр ес равгæ нæ искурдиадæгин зартæгæнæги аййевади хæццæ базонгæ уни равгæ – Тайсаути Владимири концерт арæзт æрцæудзæнæй Дзæуæгигъæуи Вахтангови Хæдзарæ-музейи 2 октябри. Райдайдзæнæй изæри 19 сахаттебæл.

Концерт рахæсдзæнæй еу сахат æма дууинсæй минути.




**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 368 СОМИ 10 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 324 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**



http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Михаил ЛЕРМОНТОВ (1814-1841), поэт: «Царди тæккæ вазуггиндæр дзаманти хатгай тæккæ хумæтæгдæр адæймаги зæрди дæр райгуруй уæди уæнгæ имæ нихъулдæй ка лæудтæй, уæхæн зинги æстъæлфæн, æма уæд равдесуй уæхæн æхсарæ, уæхæн намусгин гъуддæгутæ, раздæр æ гъудий дæр ка нæ адтæй, уæдта нур дæр æхуæдæг зинтæй кæбæл æууæндуй...»***

## НОМЕРÆН



### ÆДЗАРД БÆГЪАТÆРИ КАДÆН МАДЗАЛ Æ РАЙГУРÆН АХУРГÆНÆНДОНИ

Дзæуæгигъæуи берæкъабазгин техникуми байгон кодтонцæ Абайти Альберти номбæл «Бæгъатæри партæ». Аци техникумæй рандæй Альберт сæрмагонд æфсæддон операций архайунмæ.

Альберт адтæй гвардиаг хецæн мотоæхсæг бригади хуæздæр тугъдонтæй еу, бæгъатæрæй тох кодта знаги нихмæ. Берæ хæттити, æхецæн дæр тæссаг уогæй, ервæзун кодта тохи будури е 'мбæлтти. Фæммард æй Харькови 'рдæмæ тугъдон буцæутæй еуеми, хуарзæнхæгонд æрцудæй Лæгдзийнади орденæй æ мæлæти фæсте.

Абайти Альберт райгурдæй 2001 анзи 6 июни Дзæуæгигъæуи. Ами, 40-аг астæуккаг скъола каст фæуугæй, ахур кæнунмæ бацудæй нæ республики сæйраг сахари берæкъабазгин техникуммæ, каст æй фæцæй 2020 анзи. Еци анз имæ фæдздзурдтонцæ Уæрæсей Æфсади рæнгъитæмæ. Уоми æ ихæс исæнхæст кæнгæй, бафинста бадзурд Фидибæстон Гæрзефтонг тухти рæнгъити иарддæр службæ кæнуни туххæй. Гвардий рæнгъон Абайти Фидари фурт сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй фæммард æй бæгъатæрдзийнадæ бавдесгæй. Сæрустур си уогæй, æ ном ин исæнософ кодтонцæ æ райгурæн ахургæнæндони.

Абайти Альберти парти уæлгъос бадуни барæ уодзæнæй техникуми хуæздæр ахурдзаутæн. Тугъдони æруагæс кодта нæ уæлахез, æма е æнæмæнгæ уодзæнæй. Бæгъатæртæ нæ мæлунцæ, фал байзайунцæ, иронх сæ ка нæ кæнуй, уони зæрдити. Альберт кæддæриддæр уодзæнæй нæ хæццæ, уой хузæн унмæ ка бæллуй, еци фæсевæди зæрдити.



## ÆДАС ЦАРДМÆ БÆЛГÆЙ, УОЙ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУН ДÆР МА ГЪÆУЙ!..



# НИФСÆН – НИФС ДÆТТУНГЪОН, ТУХÆН – ТУХÆ ÆФТАУНГЪОН!..

### ГÆРЗЕФТОНГ ТУХТИ ЦÆТТÆДЗИЙНАДÆ ГЪÆУАМА БÆРЗОНДÆЙ-БÆРЗОНДДÆР КÆНА

Уомæй Уæрæсей Президент **Владимир Путин**, аци гъуддаг кæмæй аразгæ 'й, уони байхæсгин кодта, айразмæ видеобастдзийнади фæрци ци æмбурд исаразта, уоми. Архайдта си Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** дæр.

Аци æмбурди дзубанди ба цудæй сæрмагонд æфсæддон операций рæстæг нæ бæсти Гæрзефтонг Тухти идарддæри ирæзти фарстатæбæл – нуриккон домæнтæн æнхæстæй дзуапп дæттунгъон æма сæ размæ æвæрд ихæстæ æнтæстгинæй æнхæст кæнунгъон куд уонцæ, уомæ гæсгæ ба абони уавæрти алцидæр æнхæстæй аразун гъæуй, цæмæй еудадзугдæр хъаурæгиндæр æма гъомусгиндæр кæнонцæ.

Фембæлд игон кæнгæй, Владимир Путин куд баханхæ кодта, уотемæй нуртæккæ паддзахадæ устур æргом æздахуй æфсад æма флоти техникон æгъдауæй ефтонггонддзийнадæмæ. Сæрмагонд æфсæддон операций фæлтæрддзийнадæ нимайгæй, æфсади еугур къабæзти дæр тохæнгарз æма техникæ тактикон æгъдауæй тухгиндæр кæнунцæ, куст цæуй тохæнгарзи нæуæг хузтæ исаразунбæл.

Еци тугъдон фæлтæрддзийнадæ лæмбунæг æртасунцæ наукон-æртасæн институтти, цæмæй бæлвурддæрæй бæрæггонд æрцæуа, Уæрæсей æфсади гъомус кутемæй фæхъхъаурæгиндæр гæнæн ес, æма уой туххæй ба еци хатдзæгтæмæ гæсгæ сæрмагонд мадзæлттæ æнхæстгонд æрцæудзæнæнцæ. Уæрæсей Президенти дзубандимæ гæсгæ, нуртæккæ царди уадзунцæ æфсад æма флот комплексон æгъдауæй исефтонг кæнуни программæ. Уой фæдбæл уотæ загъта:

– Уотемæй æфсадмæ хъæртун кæнунцæ нуриккон технологон, нисанмæ арæзт бæрзонд æхсæн фæрæзнитæ, бронетехникæ, авиаци, æфсæддон хæйттæн разамунд дæттуни æма сæ медастæу бастдзийнади, уæдта знаги рауæнтæ иссеруни æма уой батарейти нихмæ тохуни равналæнтæ. Уой дæр еугай хузтæ нæ, фал берæгæйттæ. Æнæмæнгæ, фулдæр æргом æздæхт цæуй æма идарддæр дæр цæудзæнæй æнæтæхæг авиасистемитæмæ. Уонæй пайдагонд цæуй знаги батарейти нихмæ тохи, минитæ агоруни гъуддаги, кæнунцæ кунæггæнæн куст. Еци фарстатæмæ лæмбунæгдæр каст æрцæудзæнæй Тугъдон-промышленнон къамиси иннæ æмбурди.

Бæсти разамонæг ма куд загъта, уотемæй тохæнгарзæй ахедгæ хузи испайда кæнунæн гъæунцæ хъæбæр дæсни экипажтæ æма къуæрттæ, уонæй испайда кæнунæн багъæудзæнæй Гæрзефтонг Тухти цæттæдзийнадæ:

– Аци рауæн гъæуама испайда кæнæн еугур фадуæттæй, æфсади рæнгъитæмæ фæдздзурди размæ исуйнаг æфсæддонти рагацау кæми фæццæттæ кæнунцæ, еци тренажерти базитæй, уæлдæр æфсæддон ахургæнæндæнттæй, ахурадон-методикон центртæй æма полигонтæй. Гъæуама уобæл косæн æмхузонæй – бæстæ гъæуайгæнæн ведомствæ, Уæрæсей разамунд, регионтæ.

Æмбурди ци дзубанди рауадæй, уой хатдзæгтæмæ гæсгæ федералон æма регионалон разамунди размæ æвæрд æрцудæнцæ Гæрзефтонг Тухтæмæ хуарз цæттæгонд æфсæддонтæ æрветуни фæдбæл бæлвурд ихæстæ.

*Аци хабæрттæ нин фегъосун кодта Цæгат Иристони Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ.*

### УÆРÆСЕЙ ÆФСАДИ БÆРЦÆ ФÆФФУЛДÆР УОДЗÆНÆЙ

Уæрæсей æфсад рæхги дзæвгарæ фæффулдæр уодзæнæй æма æ бæрцæмæ гæсгæ дуйней иннæ паддзахæдти æфсæдти хæццæ рабаргæй байахæсдзæнæй дуккаг бунат.

Уæрæсей Президент Владимир Путин æрæги бафинста бардзурд, нæ бæсти Гæрзефтонг Тухти рæнгъити ка гъæуама службæ кæна, уони нимæдзæ фæффулдæр кæнуни туххæй. Аци анзи декабрæй фæстæмæ, æфсæддон угдонади федаргонд фæткæмæ гæсгæ ка уодзæнæй, уони нимæдзæ исирæздзæнæй 2 миллиони æма 185 мин адæймагей уæнгæ, уонæй ба 1,5 миллиони уодзæнæнцæ æфсæддон службæгæнгутæ.

Амæй размæ ма Уæрæсей Гæрзефтонг Тухти рæнгъити архайгути нимæдзæ æйййивд æрцудæй 2023 анзи. Уæд сæ еумæйаг бæрцæ хъæрттæй 2 209 130 адæймагей уæнгæ, уони хæццæ ба 1 320 000 адтæнцæ æфсæддон службæгæнгутæ.

Уотемæй зумæг ралæууни размæ уæрæсейаг æфсæддон службæгæнгути бæрцæбæл бафтуйдзæнæй 180 мин адæймаги.

Статистикон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, нуртæккæ æфсæддон службæгæнгути бæрцæмæ гæсгæ разгаг бунæттæ ахæссунцæ Китай (2 миллиони 350 мин адæймаги), Инди (1 миллион 445 мини) æма Америки Еугонд Штаттæ (1 миллион 328 мини). Цубур дзурдæй, Уæрæсе æ фæсте фæууадздзæнæй Инди æма Америки Еугонд Штатти.

Уæрæсей гъæуайкæнуйнади Министради куд зæгъунцæ, уомæ гæсгæ не 'фсæддон службæгæнгути нимæдзæ фулдæргонд цæуй, НАТО æма æ хъæлентти знаггадæхæссæг архайд карзæй-карздæр ке кæнуй, уой туххæй.

Уæрæсей Гæрзефтонг Тухти рæнгъити æфсæддонти нимæдзæ фулдæргонд цæудзæнæй усмæгай, бадзурдтæ ка аразуй (гъома, барвæндонæй контракт ка бафинса), уони фæрци.

## СТАНЬ ЗАЩИТНИКОМ ОТЕЧЕСТВА!..




**Хуцаубони, 29 сентябри бæрæггонд цæудзæнæй машиноаразæги Бон. Нæ бæсти экономики аци къабазæ æй тæккæ сæйрагдæртæй æма, ка си косуй, уонæн зæрдиагæй арфæ кæнæн сæ бæрæгбони фæдбæл.**

ХУАРЗ ХЕСТÆРТÆ КÆМÆН ФÆУУЙ, УОМÆН ГЪÆУАМА ХУАРЗ КÆСТÆРТÆ УА!..




# ФИДИБÆСТИ ЕВГЪУДАДÆ НИН ÆЙ ЗУНДАМОНÆГ ÆМА НИФСДÆТТÆГ

Æхсæнадæмон историон скъолай аллианзони ахуртæ арæзт цæунцæ æстæймаг хатт. Еци рæстæги дæргъи исбæлвурд æй аци мадзали агъазиау ахсгиагдзийнадæ. Арæзт ба цæуй нæ бæсти Президент **Владимир Путини** унаффæй, е 'нхæстгæнæг ба 'нцæ Уæрæсей ахурадæ æма науки Министрадæ, Уæрæсейаг историон æхсæнадæ, фонд «История Отечества», Уæрæсей Федераций Æхсæнадон палатæ. Мадзали нисантæ ба истори æма гуманитарон наукити дæсниæдтæ ка ахур кæнуй, еци фæсарæйнаг æма фидибæстаг студенттæ æма аспиранттæн се 'ргом бундорондæрæй æздахун Уæрæсей алли адæмти културæ æма уодварни хæзнатæмæ, æртасæн-проектон куститæ æнхæст кæнунмæ, Фидибæсти историй туххæй лæмбунæгдæр æма арфдæр зонундзийнæдтæй сæ ефтонг кæнун.

Историон скъолайæн Дзæуæгигъæуи ци ахуртæ арæзт æрцудæнцæ, уоми архайунмæ æрæмбурд æнцæ студенттæ æма аспиранттæ, куд Уæрæсей берæ регионтæй, уотæ дуйней дууинсæй паддзахадемæй – дæс æма авдинсæй адæймагемæй фулдæр.

Уæрæсейаг историон æхсæнади сæрдар **Сергей Нарышкин** Форуми архайгутæн райарфæ кæнгæй, уотæ баханхæ кодта:

– Историон скъолай æстæймаг хатт ахуртæ Дзæуæгигъæуи арæзт ке цæунцæ, е хумæтæги нæй. Аци сахарæн 240 анзей размæ бундор æвæрд æрцудæй, куд Уæрæсей хонсайраг федар, уотæ. Уомæн устур æма ахсгиаг ахедундзийнадæ адтæй нæ бæсти хонсайраг арæнтæ исфедар кæнун æма хуæнхаг адæмти медастæу хæлардзийнади рахастдзийнæдтæ æрфедар кæнуни фæдбæл. Адтæй нацистон тухгæнгутæй багъæуай кæнуни федар фæзæ. Дзæуæгигъæуи гъæздуг истори æма култури бунтæ хаст æрцудæнцæ скъолати программæмæ дæр.

Нури рæстæги не 'хсæнадæ ци вазуггин рæстæгути цæруй, историон наукæ фæстаг рæстæгути цитæ 'взаруй, уой фæдбæл Уæрæсей Президенти цори истори имисундзийнади националон центри разамонæг **Еленæ Малышева** уотæ загъта:

– Нуртæккæ Уæрæсей историон æхсæнадæ нимад цæуй тæккæ устурдæр æма ахедгæдæртæй еуебæл рохситауæн архайди.

Истори æй нæ бæсти исонибон, уомæн æма абони ирæзгæ фæлтæр евгъудæй ци зонундзийнæдтæ райсонцæ, уой хæццæ баст уодзæнæй сæ федæни архайд, уомæй хатдзæгтæ кæнгæй араздзæнæнцæ сæ цард.

Еци гъудимæ гæсгæ ба зæгъун гъæуй уой, æма аци форуми архайуни барæ кæмæн лæвæрд æрцудæй, уомæ каст цудæй хъæбæр лæмбунæг æма бæрнон цæстингасæй. Уой фæдбæл Цæгат Иристони паддзахадон университети историон факультети декан **Плити Зæлинæ** уотæ загъта:

АХСГИАГ ГЪУДИТÆ



**ТУСКЪАТИ Тайморазъ, Цæгат Иристони Парламенти Сæрдар**

– Аци мадзал махмæ арæзт цæуй фиццаг хатт. Е æхцæуæн хабар æй, уæлдайдæр ба ма уомæй, æма аци анз нæ республикæн уæлдай ахсгиаг æй – 250 анзи исæнхæст æй Иристон Уæрæсей хæццæ ку байеу æй, уобæл, исæнхæст æй сæдæ анзи Цæгат Иристони автономибæл, 240 анзи ба Цæгат Кавкази агъазиаудæр културон æма промышленнон центртæй еу – Дзæуæгигъæуи равзурдбæл. Еци æнзтæн сæ ахедундзийнадæ алæмæти бæрзонд æй, уомæн æма етæ иссæнцæ нæ райгурæн Иристони зæрдæмæдзæугæдæр райрæзти æвдесæнтæ. Æма абони нæ ихæс æй, историй фæлтæрддзийнадæ кæстæртæмæ рахъæртун кæнун, цæмæй зононцæ евгъуди бундорбæл сæхе ирисхъæ дæр æма нæ фидиуæзæги исонибон дæр аразун.

– Тæккæ сæйрагдæр бæрцбарæнæн нимад цудæй уæрæсейаг историмæ уарзондзийнадæ, нæ регионмæ цæмæдесдзийнадæ.

Форум игон кæнуни рæстæг æ архайгутæн зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз**.

Уæрæсей Федераций Президенти Æнхæстбаргин минæвар Цæгат Кавкази федералон зилди Юрий Чайки номæй ба форуми архайгутæн райарфæ кодта Цæгат Кавкази сæйраг федералон инспектор **Сергей Гончаров**:

– Абони еугурадæмон политики ци фæззиндтитæ цæуй, етæ нæ еума хатт бауæндун кодтонцæ, дуйней бæститi адæмти хæццæ нин хæлар бастдзийнæдтæ цæмæй уа, уой туххæй архайун гъæуй кæстæр фæлтæрти хæццæ. Нæ еумæйаг фæрнугадæн аци æмгустадæ хуарз бæрæггæнæнтæ ратдзæнæй исонибони. Адæмтæ кæрæдзей историон-културон фарстатæ ку зононцæ, уæд е уодзæнæй еугæнæг фæрæзнæ, сабурдзийнадæбæл дæр архайун æнцондæр æй, историй евгъуд куд æвдесуй, уотæ – исонибон дæр. Уæрæсей историон скъолайæн устур ахедундзийнадæ ес, цæмæй еумæ æмзундæй аразæн сабур цардæй цæрунгъон дуйне...

Форум цудæй цалдæр боней дæргъи. Æригон ахургæндтæ архайдтонцæ Уæрæсей културæ æма историй туххæй син сæ зонундзийнæдтæ фæббундорондæр кæнунæн агъазгæнæг аллихузон секцити. Скъолай программæмæ хаст æрцудæнцæ Устур Фидибæстон тугъди, Уæрæсей экономики райарæзти, Уæрæсейаг Хонсари интеграций процесс æма историон-културон бунтæ багъæуай кæнуни фæдбæл темитæ: арæзт цудæнцæ цæлхæмбурдтитæ, æмдзубанди, фембæлдтитæ æма студентти проектти конкурс.

Нæ абони радзубандий кæронбæттæни уин ракæнуйнаг ан мæнæ ауæхæн хабар. Цæветтонгæ, еу хъиамæтгун лæг æрзæронд æй, куд фæззæгъунцæ, æ мæлæти къахбæл ниллæудтæй. Æхе цæуæт дæр æма уони зæнæг дæр ин аудунæй ци ба нæ кодтонцæ. Уогæ зæруай нихмæ неци хуасæ ес. Уой еци лæги кæстæртæ дæр куд нæ лæдæрдтæнцæ, фал ин уæддæр рæвдудæй неци æвгъау кодтонцæ. Лæг, курухон лæг сæмæ игъуста æма 'й кæд зудта, æ адзал æрцудæй, уæддæр æ медбилти баходидæ æма æ сæр аразий тилд бакæнидæ, гъома, дзоретæ – дзоретæ, æз мæ уавæр сумахæй хуæздæр зонун. Сумах мæнæн нифситæ æвæеретæ, æз ба сумахбæл ауæрдун.

Уæд дин еууæхæни зæрондæн æ зæрдæ исунгæг æй, æ цæстисуг нæбал бауорæдта. Цæуæт уой ку рауидтонцæ, уæд æ алливарс æрбамбурд æнцæ, дзорунцæ ин, ма тухсæ, уæлæ устур сахарæй дæмæ уайсахат дæр тæккæ зундгонддæр дохтиртæ æркæндзинан æма дæ етæ фæууиндзæнæнцæ, радзæбæх дæ кæндзæнæнцæ, зæгъгæ. Фидæ сæ дзубандитæмæ æхебæл фæххуæстæй, æхе фæхъхъæбæрдæр кодта æма син уотæ:

– Гъо, мæ уарзон кæстæртæ, зонун æй, тухсетæ мæбæл… Фал зæрондæн хуасæ нæййес… Ка райгуруй, е мæлгæ дæр кæнуй, æма мæнæн дæр æрцудæй мæ адзал… Фал æз мæхебæл нæ кæун… Мæ фидæбæл кæун!.. Цалинмæ цардтæн, уæдмæ æ ном цардæй мæ хæццæ – мæ фиди фурт мæ худтонцæ… Нур мæ ном байзайдзæнæй сумах хæццæ, мæ фиди ном ба цæуй мæ хæццæ…

Еци лæги гъенцъун лæдæрд æй – æхе нæбал унæй дæр ин зиндæр æй æ фиди ном æ фæсте ке æрбасатар уодзæнæй, е. Гъе уотæ сагъæссаг уа нæ адæмæн, нæ фидтæлтæмæ цитгийнагæй цидæриддæр адтæй, еци хæзнатæ багъæуай кæнуни гъуддаг – нæ ихæс æй уони багъæуай кæнун, федауцæй сæ еу фæлтæрæй иннемæ хъæртун кæнун. Лæдæрд нин уæд: исонибони зæрдæмæдзæугæдзийнадæ исаразунæн тæккæ федардæр бундор æй нæ Фидибæсти евгъудади фарнæ.

*Æрмæг бацæттæ кодта*
*БИЧИЛТИ Алетæ.*

ХУАРЗ ХАБАР ФАРСТАТИ ХÆЦЦÆ

## МИЗД ÆМА ПЕНСИТÆ ФÆФФУЛДÆР УОДЗÆНÆНЦÆ. ФАЛ – КÆМÆН?..

Уæрæсей хецауадæ куд нисан кæнуй, уотемæй 1 октябрæй фæстæмæ 5,1 процентти фæффулдæр уодзæнæй бюджетон къабази косгути мизд. Еци хуарздзийнадæй фæххайгин уодзæнæнцæ:

– æфсæддон службæгæнгутæ, медгъуддæгути министради косгутæ, барадæгъæуайгæнæг æма уонæн æмбалон баргин ведомствити минæвæрттæ;

– æфсæддон хæйтти æма тухи структурити косгутæ;

– ахуради къабази косгутæ (скъолати æма уæлдæр ахургæнæндæнтти ахургæнгутæ, сувæллæнтти рæвдауæндæнтти гъомбæлгæнгутæ) æма уотæ идарддæр;

– медицинон косгутæ (дохтиртæ, медицинон хуæртæ, санитартæ, фельдшертæ, лаборанттæ æма паддзахадон медицинон уагæдæнтти æндæр специалисттæ);

– наукон косгутæ (инженертæ, фæлваргутæ, лаборанттæ, уæдта наукон-æртасæн институтти æма университетти косæг æндæр специалисттæ);

– федералон паддзахадон оргæнти æма сæ территориалон дæлхайæдти косгутæ (паддзахадон службæгæнгутæ, специалисттæ, техникон персонал).

Æдеугурæй сæ мизд фулдæргонд æрцæудзæнæй дууæ миллион адæймагемæн. Финансон эксперт **Сергей Варфоломеев** куд зæгъуй, уотемæй етæ айдагъ паддзахадон службæгæнгутæ нæ уодзæнæнцæ, фал федералон бюджетæй æхцайæй æввонггонд ка цæуй, еци организацити косгутæ дæр.

Аци хабар, еуемæй æхцæуæн æй, иннемæй ба тингунгæнæг дæр. Федералон бюджети евгед ка 'й, уонæн бабæй сæ мизд бæргæ фæффулдæр уодзæнæй, фал регионалон бюджетмæ æнгъæлмæкæсæг ка 'й, уонæн ба? Раздæр куд, уотæ бабæй уотид рæуæнттæ: «Æхца нæййес, бухсетæ!..» Æма еци рæуæнттæй фæццæрæн ес нури тухст рæстæгути, æргътæ æма æндæр хæрзтæ еци ирæзæги ку ирæзунцæ, уæд?

Нæ тухст нин игъосæг ке нæййес, е ни раги баруагæс æй. Ци гæнæн нин ес… Фал ма уин еума хабар фегъосун кæнæн.

Пенсиесгутæй дæр кæмæндæрти (ами дæр бабæй кæмæндæрти!..) фулдæргонд æрцæудзæнæнцæ сæ пенситæ. Зæгъæн, æфсæддон пенсиесгутæн фист цæудзæнæй 5,1 процентти фулдæр, кæд æма раздæр ба нисангонд цудæй 4,5 проценти. Сæ пенситæ фæффулдæр уодзæнæнцæ цуппаринсæй анзи кæбæл æнхæст кæнуй, уæдта фиццаг къæпхæни инвалид ка 'й, уонæн дæр. Еци бæрцæ 8 134 бафтуйдзæнæй фæдзæхстадон пенсий федаргонд хайбæл.



Цуппæрæни, 3 октябри бæрæггонд цæудзæнæй пъæлици сæрмагонд нисанеуæги отряд (ОМОН-и) Бон. Зæрдиагæй арфæ кæнæн уой рæнгъити архайæг æфсæддонтæн сæ бæрæгбони фæдбæл.

*Мартин Лютер Кинг (1929-1968), америкаг сауцъарæ адæми барти сæрбæл тохи раздзæуæг: «Дуйней бæлæхтæн сæ тæккæ устурдæр æй тугъд. Е æверхъау гъезæмæрттæ бавзарун кæнуй адæмæн: фехалуй дин, паддзахæдтæ, бийнонти цард. Цийфæнди æрдзон фидбилизтæй дæр е æбуалгъдæр æй...»*


Петр I


Николай I


Алексей ЕРМОЛОВ


Александр СУВОРОВ


Петр БАГРАТИОН

# ТУГЪДОН ЛÆГ БÆГЪАТÆРДЗИЙНАДÆЙ УÆЛДАЙ МА ДЗУРДАРÆХСТ ДÆР КУ УА...

Петр I хъæбæр лæмбунæг æ цæстæ дардта, æфсадæн дарæс ци хъумацæй худтонцæ, уой хуæрзгъæдæдзийнадæмæ. Мæскуй фиццаг æсгæлладон кустуæттæй еу адтæй Серикови фабрикæ, кæцимæн паддзах балхæдта еугур гъæугæ машинттæ дæр æма ин бардзурд равардта, цæмæй нисангонд рæстæгмæ бавдеса æ исконд хъумац.

Еци-еу рæстæг паддзахи уосæ, æ лæги зæрдæ балхæнуни фæндæй, ауодудта хъæбæр æндæр фабрикантбæл – Дубровскийбæл. Æма ин бардзурд равардта, цæмæй е дæр бавдеса æ исконд дзаумауи нæуæг хузæгтæ.

Уотæ рауадæй, æма дууæ фабриканти дæр галауанмæ еци-еу рæстæг еумæ æрбацудæнцæ сæ хузæгти хæццæ. Сериков, Дубровскийи фæлварæнтæмæ ку æркастæй, уæд æй балæдæрдтæй, етæ уой уæнттæй зингæ-зингæ хуæздæр ке 'нцæ, æма хуарзау нæбал фæцæй. Паддзах æ уоси хæццæ рацудæнцæ, фабриканттæ сæмæ ци зали æнгъæлмæ кастæнцæ, уордæмæ. Петр бацудæй Серикови хузæгтæмæ æма сæ æ къохæй расгарæ-басгарæ кæнун байдæдта. Уæд имæ императрицæ дзоруй:

– Фæууинай, мæнæ мæн фабриканти хъумац ба дæмæ куд фæккæсдзæнæй?

Петр бацудæй æма гъе уотæ лæмбунæгæй кæсун байдæдта Дубровскийи хузæгтæмæ дæр.

– Дубровский, циуавæр цъоппæй кодтай дæ фесбун?

– Барæуадзæ цъоппæй, уæ бæрзонддзийнадæ, – растудта æхе Дубровский.

– Кæд барæуадзæ 'й, уæд фæстеуæг ба лæгъуз рауадæй. Ду ба Сериков, циуавæр цъоппæй?

– Хумæтæги æлвист цъоппæй, – резгæ гъæлæсæй ин е дзуапп равардта.

– Уинис, – загъта Петр, барæуадзæ цъоппæй гъæла дæр дзæбæхгомау хъумац искæндзæнæй, ду ба, Сериков, сæрæн дæ, хумæтæги æлвистæй хуæрзгъæдæ уæфтаг искæнунмæ ке исарæхстæ, уомæй. Амæй фæстæмæ мин дæтдзæнæ фесбун æфсадæн.

* * *

Кавказаг зуст бæгъатæр А.П. Ермоловæй еуæй-еухатт исхауидæ хъæбæр циргъ зæгъдтитæ. Зæгъæн, циуавæрдæр артиллерион хайии командир ма ку адтæй, уæд уотæ рауадæй, æма æркасти бахаудтæй игъустгонд А.А. Аракчеевмæ. Е, бæхтæ бустæги лæгъуз уавæри ке 'нцæ, уой фæууингæй гурумухъ хузи бауайдзæф кодта Ермоловæн, гъома, дæ бæрни ци бæхтæ 'нцæ, уони уавæрæй аразгæ 'й дæ репутаци æнæгъæнæй дæр.

– Зонун æй, еци тарæрфугæй дзуапп равардта Ермолов, – адæймаги репутаци ахид фонсæй аразгæ ке æй, уой.

* * *

Инæлар Сидоренко райста Уорс цæргæси орден. Уой фæсте æй паддзах æ галауани фæууингæй, ниттергади кодта, еци хуæрзеуæг ибæл ке нæ адтæй, уой. Æма еци хуæрзеуæг ин уой хуæдразмæ ке исаккаг кодта, уомæ гæсгæ ибæл хуæрзауодæни хабар нæма исæмбалдæй, зæгъгæ, уотæ бангъæлгæй æй рафарста:

– Ке дин равардтон, еци Уорс цæргæс райстай?

– Райстон æй, дæ бæрзонддзийнадæ, – дзуапп равардта Сидоренко е 'нæскунæггæнгæ украинаг æвзагихатти хæццæ. – Фал еци цæргæсæн хуæрун ба ци кæнун кæндзæнæн?

Паддзах ниххудтæй æма ин иснисан кодта арендæ, гъома, феддуйнаг.

* * *

Номдзуд япойнаг тугъдон раздзæуæг Нобунанга еууæхæни исфæндæ кодта знæгти басæттун. Уонæн ба сæ нимæдзæ адтæй дæс хатти фулдæр. Е 'фсæддонтæ уæлахезбæл сæ зæрдæ уоййасæбæл хъæбæр нæ дардтонцæ, гурусхитæ кодтонцæ. Уæд сæ сæ раздзæуæг надбæл æруорæдта æма сæмæ дзоруй:

– Æхца исгæлдздзæнæн æма кæд герб рабада, уæд мах фæууæлахез уодзинан!..

Исгæлста æхца æма... герб разиндтæй. Æфсæдтæй баруагæс æй, ке фæууæлахез уодзæнæнцæ е, размæ еци нифсгунæй рампурстонцæ æма знæгти æнцонæй басастонцæ.

Тугъди фæсте Нобунангайæн æ адъютант ку зæгъидæ:

– Уогæ ба, карни къох ци амона, уомæн æйййевæн нæййес...

– Раст зæгъис, – дзуапп равардта раздзæуæг.

Æма имæ равдиста, ке исгæлста, еци æхца – дууердигæй дæр ибæл адтæй герби хузæ.

* * *

Цæй, арази дæ Аннæй? – бафарста император Николай I, уой размæ уæхæн орден кæмæн равардта, еци афицери.

– Æз си бæргæ арази дæн, дæ бæрзонддзийнадæ, – дзуапп равардта афицер, – фал Аннæ æхуæдæг ба хъæбæр æнкъард кæнуй Владимирбæл.

– Неци кæнуй, – загъта император, – уадзæ æма куд фулдæр рæстæг æнкъард кæна, уотæ фулдæр уодзæнæй æ цийнæ ку фембæлонцæ, уæд.

* * *

Еухатт маневрти рæстæг император Николай I циуавæрдæр бардзурд равардта, фал ин æй, куд гъудæй, уотæ нæ исæнхæст кодтонцæ, æма рæнгъистади цæстæйуингæ æмæнтъери рауадæй. Паддзах уайтæккæ дæр фæдздзурдта, хæлхъой ци æфсæддон хайии æрцудæй, уой командирмæ æма си байагурдта дзуапп. Куд рабæрæг æй, уотемæй инæлар ин нæ фегъуста æ бардзурди дзурдтæ бæлвурдæй.

– Мæ гъæлæс мин æнæгъæнæ Европæ игъосуй, мæхе инæлартæ ба 'й нæ игъосунцæ!.. Ходуйнаг æма аллайаг, инæлар! – загъта император.

* * *

Фидибæстон тугъди рæстæг къниаз Багратионмæ æрбахъæрттæй сæйрагкомандæгæнæги адъютант æвæстеуатæй фæстæмæцуди бардзурди хæццæ, уомæн æма «знаг нæ тæккæ фийбæл æй», зæгъгæ. Багратионбæл ба хъæбæр даргъ фий адтæй.

– Ке фийбæл? – гъазгæй рафарста Багратион. – Кæд дæу, уæд хæстæг æй, кæд мæн, уæдта рæфтад искæнун дæр ма нин бантæсдзæнæй.

* * *

Еухатт сæ балций рæстæг æфсæддонтæ æгти рази хуардтонцæ касæ. Еу си еци зæрдихудтæй хъур-хъур кодта хуæруйнаг син æрдæгæмбуд лæхурдæй ке искодтонцæ, уой фæдбæл.

– Кæсайтæ, цæхуæн касæ нин дæттунцæ нæ хъиамæтти туххæй! – дзурдта гъæрæй.

Петр еци рæстæг сæ рæзти цудæй æма, æфсæддони гъæститæ фегъосгæй сæ размæ бацудæй.

– Уæ къæбæр æма цæнхæ уин хæлар уæнтæ, æмбæлттæ!

– Исаккаг кæнæ æма нæ къæбæрæй исахуадæ!..

Паддзах, хæстæгдæр имæ ка адтæй, еци æфсæддонæй едуг райста æма, касæй ку искомидзаг кодта, уæд æхе неци лæдæрæг искæнгæй, загъта:

– Касæ ба, лæхъуæнтæ, ци хуарз æй, æнæнезæй æй хуæретæ!..

Паддзах ку райевгъудæй, уæд æфсæддонтæй еу еци дугъ-дугъгæнæгæн загъта:

– Фегъустай, паддзах ци загъта, уой? Уомæ касæ илгъаг нæ фæккастæй, ду ба боститæ кæнис. Ке зæгъун æй гъæуй, минкъий тауæггомау æй, фал ци гæнæн ес, балций уомæн уæн нæййес, æма алци дæр нæуæг уа.

– Æцæгæйдæр, æнсувæр, мæхуæдæг дæр фефсæрми дæн, паддзах касæ ку растудта, уæд, – исарази æй æфсæддон.

Петр ба еци рæстæг рандæй, хуæлци нæуæгдзийнадæмæ æ цæстæ, куд æнгъизтæй, уотæ ка нæ бадардта, еци комиссари агорунмæ æма ин æ рæдуд балæдæрун кодта, уой дæр къоболайæй æрцæфти фæрци.

* * *

Уруси паддзах Павел I австриаг æфсадæн разамунд дæттунмæ Александр Суворови ку 'рвиста, уæд ин æ реубæл мальтийаг дзиуарæ бакодта. Разагъди балхон загъта:

– Хуцау, паддзахи фæййервæзун кæнæ!..

Уæд ин Павел ба уотæ:

– Цæугæ, æма дæхуæдæг ервæзун кæнæ паддзæхти!..

## РАСТ ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ ДÆР КУ УИДÆ...



**Уинстон ЧЕРЧИЛЛЬ, англисаг паддзахадон архайæг, 1940-1945 æнзти адтæй Устурбританий премьер-министр. Æма 1941 анзи 22 июни æ радзубандий уотæ загъта: «Цæветтонгæ, Уæрæсейæн тæссаг ци æй, е махæн дæр тæссаг æй, никки тæссагдæр æй Еугонд Штаттæн дæр. Уæдта нуртæккæ æ зæнхæ æма хæдзари сæрбæлтау ци уæрæсейæгтæ тох кæнунцæ, уони гъуддаг хауй Зæнхи тумбулæги алли къумти сæребарæй цæрæг адæймæгутæ æма адæмтæмæ дæр. Мадта нæ тухтæ фæддувæр кæнæн, æма, цалинмæ цæрдуод ан, цалинмæ нæмæ хъаурæ ес, уæдмæ знаги ниццæвæн нæ еумæйаг гъомусæй...» Цума аци номдзуд лæги аци загъд нæ зонунцæ Нигулæни нури раздзæугутæ? Кæд æй зонунцæ, уæдта уой нæ лæдæрунцæ, æма Украини нацизм рæвдаугæй, сæхе буни арт ке 'ндзарунцæ, уой?**




НИГКОТИ Хадзимæт (Гагу)




НИГКОТИ Хангерий (Гадзо)

# НИГКОТИ АМЕРИКДЗАУТÆ

Нигкоти Бидзо цардæй Къæмунти гъæуи, адтæй ин цуппар фурти: Бекир сæ хестæр, дуккаг Сослан, æртиккаг Дзабо æма сæ кæстæр Бола.

Революций размæ дууæ кæстæр æнсувæри раййивтонцæ сæ цард, æма æрцардæнцæ æнæ бийнонтæй Хъарман-Синдзигъæуи.

Бидзой хестæр фурт Бекирæн адтæй дууæ фурти: Хадзимæт (Гагу 1883-1961) æма Хангерий (Гадзо 1893-1951).

Бекири фурт Хадзимæт (Гагу) æма Сослани фурт Темурхъан (Гъуллæ 1883-1951) рандæнцæ Америкæмæ 1913 анзи кусти фæдбæл, æхца косунмæ. Фæстæмæ исæздахтæнцæ 1916 анзи, хæдзари нæлгоймаг ке некебал байзадæй уой туххæй, медбæсти зæнхи куст æма фонс дарунмæ.

Цудæй тугъд Уæрæсе æма Германий ’хсæн (1914-1917), тугъдмæ сæ ракодтонцæ, фал 1917 анзи Революци ке райдæдта, уой туххæй исуæгъдæнцæ. Революций рæстæги агъаз кодтонцæ революционертæн. Советон власти рæстæги колхозтæ аразтонцæ хонхи 1935 анзи, æма сæ мæлæти уæнгæ фæккустонцæ колхози.

Бекири фурт Хангерий (Гадзо 1893-1953), Хадзимæти кæстæр æнсувæр, 1915 анзи рандæй Америкæмæ æма исæздахтæй 1923 анзи.

Финст æрцудæй Нигкоти Хадзимæти фурт Кермени дзубандитæмæ гæсгæ.

* * *

Нигкоти Кермен нин ци хабæрттæ ракодта, уомæ гæсгæ нæ бафæндадтæй, нæ адæми царди анзфинсти зингæ бунат ка ахæссуй, еци фæззинди туххæй бæлвурддæрæй ракой кæнун. Цæветтонгæ, Цитгин Октябри размæ Иристонæй беретæ, сæ царди уавæртæ ами бустæги æгудзæг ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ кустагор цудæнцæ æцæгæлон бæститæмæ, фулдæр Америкæмæ. Сæ рабалций нисан ба адтæй – кæдимайди ба исамал кæниуонцæ сæ царди равгитæ фæррæвдзæдæр кæнунæн фæрæзнитæ.

Еци гъуддаги фæдбæл нæмæ финст æрцудæй, куд наукон куститæ, уотæ публицистон уацтæ дæр. Зæгъæн, берæ цæмæдесаг æрмæг иссерæн ес историон наукити доктор, профессор Дзидзойти Валерийи киунугути. Цалдæр анзей размæ ба Цæгат Иристони гуманитарон æма социалон æртасæнти институти рауагъдон-полиграфион хайадæ рауагъта Гусити Александри очерк «Осетины в Америке». Кадæртæ уи, ка ’й зонуй, бакастайуонцæ аци киунугæ, кадæртæ ба ин æ кой игъосгæ дæр нæ фæккодтонцæ. Уомæ гæсгæ ба уæ зонгæ кæнæн, æ ниффинсæги æрвадæ Гусити Таймораз уой фæдбæл кæддæр ци уац ниммухур кодта, уой хæццæ (еуцæйбæрцæдæр цубуртæгондæй).

# АМОНДАГОР ЦУДÆНЦÆ ÆЦÆГÆЛОН БÆСТИТÆМÆ

Киунуги куд амунд цæуй, уотемæй не ’мзæнхонтæ Америкæмæ цæун райдæдтонцæ сауæнгæ Фиццаг дуйнеуон тугъди уæнгæ. Сæ 90 проценти адтæнцæ фæсевæд æстдæс анземæй ба дæс æма инсæй анзей уæнгæ кари фæсевæд, гъома, фæсфордаг бæститæмæ цудæнцæ адæмæн се ’нæнездæр æма кустгъондæр хай.

Уæди рæстæгути Иристони дзиллæй кадæртæ фæсарæнтæмæ, уæлдайдæр ба Америкæ æма Канадæмæ, сæ фурхъалæй нæ цудæнцæ. Ами æгæр зинцæрæн адтæй паддзахи дзамани. Хуæнхбæсти хæдзари цæрæг бийнонтæмæ хумгæндæн бæзгæ зæнхæ хаудтæй æдеугурæй 0,82 дæсæтини, еуæй-еу приходти ба, зæгъæн, Мизури, Дагоми æма Гæлиати ба 0,27-0,33 дæсæтини.

Уæхæн уавæрти бийнонтæ фæддарæн ке нæ адтæй, уой туххæй зæнхкосгути еу хай косунмæ рандæуидæ Иристони промышленнон кустуæттæмæ, уæлдайдæр Дзæуæгигъæуи æфсæнвæндаги станцитæ æма депотæмæ, Садони æрзæткъахæнтæмæ, Мизури æма Фæснæли æрхикустгæнæн фабрикитæмæ. Бони кустæн ба син капиталисттæ 50 къапеккемæй фулдæр нæ лæвардтонцæ. Уомæ гæсгæ берети фæндадтæй сæ амонд Америки бавзарун.

Не ’мзæнхонтæ Цæгат Америкæмæ берæгæйттæй цæун райдæдтонцæ 1906 анзæй фæстæмæ. Газет «Терские ведомости» 1907 анзи октябри финста: «Евгъуд анзи Цæгат Америкæмæ еуетæ еудадзуг цæрунмæ, иннетæ æхца бакосунмæ рандæнцæ Дзæуæгигъæуи зилдæй. Нур Иристони гъæути, уæлдайдæр хуæнхаг цæрæнбунæтти еусæдæ адæймаги сæхе цæттæ кæнунцæ Америкæмæ рандæунмæ...»

Зундгонд æнцæ не ’мзæнхонтæ сæ бийнонти хæццæ ци еугæйттæ рандæй Америкæмæ, етæ – ахургæнæг Гæбути Алихан Æрæдонæй, æфсæнвæндаги машинист Борæдзати Тотур – Гъæдгæронæй, Æчети Афæхъо – Дайигъæуæй æма æндæртæ.

Куд æнгъæлæн ес, уотемæй Цæгат Америкæмæ нæ адæмæй рандæй тæккæ минкъийдæр фондз мин адæймаги. Етæ ’нцæ Дзæуæгигъæуи ирон зилди кустгъон нæлгоймаг цæргути 10-12 проценти. Аци нимæдзæ байамудтонцæ, революций фæсте райгурæн бæстæмæ ка раздахтæй, уонæй беретæ (Ханайти Ефим, Дзуццати Бибо æма æндæртæ).

Раст ку зæгъæн, уæд Америкæмæ цæун æнцон гъуддаг нæ адтæй уæди рæстæги. Фиццаг над – Дзæуæгигъæуæй поездбæл германайнаг сахар Гамбургмæ. Ардигæй ба наути рабалци кæнун гъудæй, æдеугурæй æвддæс боней дæргъи, Америки Еугонд Штатти сахар Нью -Йорки уæнгæ. Берæ зиндзийнæдтæ æвзурстонцæ бæлццæнттæ иннæ нæдтæбæл цæугæй дæр. Дзæуæгигъæуи поезди цæун гъудæй сахар Владивостокмæ. Ами бæлццæнттæ исбадиуонцæ наути æма дууадæс боней фæсте бæхъæртиуонцæ Америки нигулæн штат æма Канадæмæ.

Аци зиндзийнæдтæй уæлдай ма фæндаггаг хуæруйнаги хæццæ адтæй 200 сомей бæрцæ. Уомæй уæлдай Америки æма Канади эмиграцион закъæнттæмæ гæсгæ, америкаг зæнхæбæл




æ къах ка æрæвæридæ, уомæ гъæуама 100 сомемæй минкъийдæр ма адтайдæ.

Цубурдзурдæй, Америкæмæ рандæ уни туххæй гъудæй 300 сомей бæрцæ. Уæди рæстæги е минкъий æхца нæ адтæй, уæлдайдæр ба, аци бæстæмæ адæмæн сæ мæгур хай ке цудæнцæ, уой хинцгæй. Уомæ гæсгæ, Америкæмæ ка цудæй, уони сæ мулк, сæ фонс уæйæ кæнун багъæуидæ, кенæ ба æхца æфстау райсиуонцæ сæ гъæздугдæр æмгъæуккæгтæй.

Куд загътан, уотемæй Америкæ æма Канади адтæй карз миграцион закъæнттæ. Мæгуртæй уæлдай америкаг билгæронмæ науæй рахезуни барæ нæ адтæй хуæцгæ незтæй сæйгитæн, хецаудзийнадæ рагæлдзуни туххæй усхъуммæ зунд кæмæ адтæй, уæхæн адæмæн дæр. Эмиграций райдайæни рæстæги фулдæр мах адæм рандæнцæ Ванкувермæ. Уомæн æма аци сахари æма æ алфамбулай рауæнти хъæбæр гъудæй косæг тухæ, иннемæй ба америкдзаутæ зудтонцæ, уоми се ’мбæстæгтæ ке цардæнцæ æма кустонцæ, еци хабæрттæ. Легкойти Моисейи имисуйнæгтæмæ гæсгæ, 1913-1914 æнзти сахар Ванкувери цардæнцæ 500 не ’мзæнхони. Етæ кустонцæ æфсæнвæндаги устур арæзтади, «Павел-Ривер-папир компани»-йи гæгъæдити фабрикитæ æма æндæр рауæнти.

Райдайæнти не ’мзæхонтæй беретæн, æвзаг ке нæ зудтонцæ æма сæмæ ке неци дæсниадæ адтæй, уой фудæй син хъæбæр зин адтæй куст иссерун. Сæ фулдæртæ ниллæудтæнцæ тæккæ зиндæр, минкъий мизд кæми фистонцæ, уæхæн агъазгæнæн æма рæстæгмæ кустити, кенæ ба архайдтонцæ хуæнхонамалгæнæн промышленнон къабази – æрхий æрзæткъахæнти, дорæвзалуй шахтити. Уæрмитæ къахтонцæ объекттæн, ниуазæни донæфсесадæ æма канализацийæн, адтæнцæ уæзæгтæ æвгæнгутæ æма æндæр кустгæнгутæ. Уæззау, гъезæмайраг фæллойнæ кæнун сутки дæргъи гъудæй аст-дæс сахатти, кæми ба сауæнгæ дууадæс сахатти дæр.

Не ’мзæнхонти кусти мизд адтæй аллихузон. Нæдти, хæдзæртти арæзтæдти аст-дæс сахаттей кустæн лæвардтонцæ дууæ доллæри, кенæ цуппар-фондз соми уруссаг æхцайæй нимадæй. Айдагъдæр Аляски уавæрти фистонцæ æртæ-цуппар доллæри. Уомæй фулдæр ба – фондзæхсæз доллæри бакосæн адтæй æрзæткъахæнти, дорæвзалуй шахтити æма сугъзæрийни игурæнти. Тæссаг æма гъезæмайраг фудкуститæй Америкæмæ æ царди равгитæ фæххуæздæр кæнуни туххæй ка рандæй, етæ уайтæккæдæр исæнæхъаурæ ’нцæ, кенæ ба фæссæйгæ ’нцæ аллихузон незтæй... Сæ ирисхъæбæл ба син ка гъæуама батухстайдæ?!

Уомæ гæсгæ ба не ’мзæнхон эмигранттæ америкаг газеттæй ку базудтонцæ, революци Уæрæсей фæуууæлахез æй, уæд син аци хабар адтæй хъæбæр æхцæуæн. Сосранти Беза куста сахар Сиэтл-Вашингтони æма æ имисуйнæгти финста: «Уæрæсей революций кой æрбайгъустæй махмæ дæр. Æма Уæрæсейæй æрбацæуæг эмигранттæй беретæ баунаффæ кодтонцæ Райгурæн бæстæмæ раздæхун. Мах адтан 300 адæймаги, æма Японибæл рацудан Владивостокмæ. Иристонмæ ни ка изæздахтæй, етæ кусти ниллæудтæнцæ Садони æрзæткъахæнти, Мизури æрзæткустгæнæн фабрики, завод «Цæгкавказцинк»-и æма æндæр рауæнти».

Мæнæ нур ци киунуги кой кæнун, уой ниффинсæг си ци гъæздуг æрмæг æвдесуй, уомæй уæлдай ма си лæвæрд цæуй, æ рæстæги Америкæмæ амондагор ка рандæй, уони номхигъд дæр – амунд си цæуй 253 адæймаги.

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма Гусити Александри бацæттæгонд киунуги фæрци, ка ’й бакæса, етæ си иссердзæнæнцæ берæ цæмæдесаг æрмæг. Уæлдайдæр ба, агъазгæнæг син фæуууодзæнæй нæ адæми цардвæндаги, нæ фидтæлти карни хабæрттæ хуæздæр базонунæн.

*Æрмæгутæ мухурмæ бацæттæ кодта БИЧИЛТИ Алетæ.*

***Нæ æдзард поэт БЕЛЕККАТИ Харитон (1920-1944) тугъди будурæй æ мадæмæ финста: «Дзæбæх, æнæнез бабæй дæн аци хатт. Хъæболи салам райсæ Украини зæнхæй. Ами нин, тугъди будури, берæ æнсувæртæ æма хуæртæ ес, фал ниййерæг мадæ ба еунæг æй лæгæн. Е адæймагæн хор дæр æй æма зæнхæ дæр. Е амонд æй, æ дзурд ба – хори тунау фæлмæн æма гъар.***



КЪЕСАТИ Астан

# «ФÆЦЦÆУН АТАКИ!..»



**ДЗАДТИАТИ Тотурбег,**
(1910-1984)
финсæг

Дууæ бони æма æхсæви – дæлдон надбæл. Лодки æ базæмæ бахъæртунмæ уоййасæбæл берæ нæбал гъудæй. Уоми бабæй гъæуама райсонцæ торпедитæ, хуæлцæ артаг, æма сæ фæллад еуминкъий исуадзуни фæсте, нæуæгæй денгизи хурфити сæ тугъдон балций ранæхстæр уодзæнæнцæ – Севастополи сæрбæлтау знаги нихмæ ка тох кодта, уонæн фæййагъаз кæнунмæ.

## НИЙЙЕРГУТИ ХÆЦЦÆ ДЗУБАНДИТÆ – ÆХЦÆУÆН ÆМА НИФСДÆТТÆГ

Сауденгизон флоти базитæ нур адтæнцæ æндæр рауæнти – Новороссийски, Туапсей, Очемчирий, Потий, Батумий. Сæйраг базæ – сауденгизонти федар Севастополь сугъдæй тугъди цæхæри, æ намусгин гъæуайгæнгути бæгъатæрдзийнади кой райгъустæй Устур Фидибæстон тугъди фронтти алли акъопмæ дæр, еугур дуйнебæл фæххæлеу æй сæ кади æма тугъдон цити кой. Астан æма æ командæ, кæд Очемчиримæ цудæнцæ, уæддæр сæ тухст сагъæстæ ба адтæнцæ Севастопольбæл тохгæнгути хæццæ, сæ зæрдитæ уони хæццæ фунхтæнцæ цъæх арти...

Очемчирий билгæронæй дзæбæх зиннун райдæдтонцæ дæлдондзæуæг лодкитæ, пирсбæл бæрæгбони дарæси лæудтæнцæ денгизонтæ. Сæ уорс ходтæ æма оркестри æрхи дзаумæуттæ хормæ æрттивтонцæ: бази зудтонцæ, «М-117» денгизæй цийни хабари хæццæ ке 'рбаздæхуй, уой, æма цæттæ адтæнцæ бæгъатæртæбæл цитгин æгъдауи хæццæ исæмбæлунмæ.

Командæ, ка куд хестæр адтæй, уотæ ралæуудтæнцæ лодки сæрбæл. Минкъий дзармадзани гæрах фæццудæй æма цъæх арви исфардæг æй ракетити хузæн æрттевагæ къубулойнæ. Билгæронæй дæр райгъустæй кади салют.

Лодкæ оркестри цагъдмæ арæхстгай базилдæй, æма кæми ин лæугæ адтæй, уоми æ бунат æрахæста. Астан æргæпп кодта лæуууæнтæмæ, бацудæй бригади командирмæ, æма, æ къох тæрнихбæл райвæргæй, рапорт равардта. Комбриг райарфæ кодта командæн, уæдта зæрдиагæй нихъхъури кодта Астани...

«Малютки» фиццаг фескъуæлхти фæдбæл цитгингæнæн мадзал æма мийнаси бабадт берæ нæ рахастонцæ, куддæр фæцæнцæ, уотæ денгизонтæ рандæнцæ сæ фæллад уадзунмæ...

Фал Астани, кæд хъæбæр бафæлладæй, уæддæр хуссæг нæ ахæста. Вали финстæгутæ æма Славикки хузист Астани æрбаздæхунмæ лæудтæнцæ штаби æфснайдæй. Нур сæмæ кастæй æма æ цæститæбæл уадæнцæ æ бийнонтæ. Æ бицции къарæн нибба кодта æма бабæй нæуæгæй райдæдта финстæгутæ кæсун. Уотæ имæ кастæй, цума бийнонтæ æ алливарс бадтæнцæ æма сæ уингæ кодта, уотемæй дзубанди кæнуй сæ хæццæ. «Мæ фидæ, Никъала, цæй куд æнцæ колхози мудтæ? Къосидзаг си куд не 'рбалæвардтай нæ фингæмæ!..»

«Гъо, гъо! Муд уодгоймаг ервæзунгæнæг хуасæ 'й: дзæгъæл лæвæрттæн æвгъау æй...» – рафæнзта Астан æ фиди.

«Мæ мадæ, Даккæ, дæ цæститæ расæрфæ: Гитлер цæстисугтæбæл не 'ууæндуй!..» Æма æ зæрдæбæл æрбалæудтæй, æ мадæ ин кæддæр еци тарстхузæй куд дзурдта: «Уолæн дæ ку фæббунæй кæна!.. Денгизи уолæни фудуаг хонунцæ... Дæхе си гъæуай кæнæ!.. Нур дони бунти ба куд фæццæуис? Еци лæгъуз кæсалгæ, кит ке хонунцæ, е дæ ку искъуæра... Дæ-дæдæй, еци сирд кæсæлгити дæр фудуаг хонунцæ!..»

## ТУГЪД АЛЛИ ТУГЪДОНÆЙ ДÆР УÆЛДАЙ ФУЛДÆР ДОМУЙ

Æ меддзубандити æ цардæмбалæн дæр нифситæ райвардта: «Валя!.. Косис? Е хуарз æй! Нуртæккæ мадта æнæ косгæй кæми ес! Нæ сабий, нæ хори тунæ! Уой мин барæвдауæ! Багъæуай æй кæнæ тугъди фидбилизæй!.. Гитлери сæргъæнтæ æмпурсдзæнæнцæ Кавказмæ дæр...»

Гъе уотæ ма, ка 'й зонуй, хебарæй берæ кæмæндæрти ракодтайдæ æ сагъæсти хабæрттæ, фал ин фесхъæтæг æнцæ, еци рæстæг ин æ дуар кадæр ке 'рбахуаста, уомæй. Астан æ хуссæнæй фæггæпп кодта:

– Ка дæ?.. Медæмæ...

Уатмæ 'рбацудæнцæ комбриг æма комдив. Цидæр тухстхузæй æрбадтæнцæ дpraванбæл æма дууемæй дæр кастæнцæ Астани фæллад цæсгонмæ.

– Флоти командæгæнæг дин арфæ кæнуй дæ фиццаг æскъуæлхтдзийнади туххæй æма дæмæ æхемæ дзоруй, – æрæгиау загъта комбриг.

– Севастополмæ? – фæррохсдæр æй Астани цæсгон.

– Гъо, Севастополмæ, – дзуапп равардта комдив. – Уæдта ревæдæй нæ: дæ лодкæ гъæуама Севастополмæ фæлласа бензин, медикаменттæ, гилдзитæ...

– Æма лодкæ танкер кенæ уæзласæн науæ 'й? – æ медбилти тæргай идзулд бакодта Астан. – Дæлдондзæуæг минкъий лодкæ – бензин ласæн!.. Æнæрцæугæ æма æнæфегъосгæ хабар!

– Уотæ, уотæ, Астан Николайи фурт! – фæлмæн цæстингасæй имæ бакастæй комбриг. – Лæгъуз æй уавæр Севастополи, хъæбæр лæгъуз. Уоййасæбæл лæгъуз, æма цума Ставки дзубанди цæуй уордигæй не 'фсæддонти эвакуаци кæнуни туххæй...

«Эвакуаци», зæгъгæ, дзурдмæ Астани цæсгонбæл тог рабадтæй.

– Гæрр! Севастополь знагæн ниууадзунбæл цæуй дзубанди?! – æ бунатæй фесхъиудтæй Астан. – Е куд æй?!

– Уæллæгтæ мах уомæй нæ фæрсунцæ, – арф нийнæфтæй комбриг. – Уавæртæ Ставкæ хуæздæр зонуй...

Астан балæдæрдтæй æ размæ æвæрд ихæс æма ма рафарста:

– Мæ лодкæ еунæгæй цæуй?

– Еунæгæй, – цубур дзуапп равардта комбриг. – Дууебæл æй, байервæздзинайтæ ма æви нæ, е. Фал æнæ бахъæртæн нæййес...

«Æнæ бахъæртæн нæййес!..» – уæхæн адтæй бардзурд. Фал дæлдондзæуæг лодкæ – бензин ласæг!.. Уой хæццæ ба ма æ хурфи никкидæр гилдзитæ, гранаттæ, снарядтæ... Лодки æнæ уонæй дæр дæлдон цæугæй адæймагæн æ фагæ исуолæфæн дæр нæ фæууй, кислород сæ хæццæ фæлласунцæ. Бензини æсмагæй ма ку байдзаг уа, уæдта куд? Зинг имæ бахъæрттæй, зæгъгæ, уæд ниггупп ласдзæнæй æма ин е 'схъестæ дæр некебал иссердзæнæй... Фал тугъдон уавæр домуй!..

Тугъд алли æфсæддонæй дæр домуй, ка некæдма æрцудæй, уæхæн гъуддæгутæ æнхæст кæнун. Астан зудта, Севастополмæ ци надбæл цæудзæнæй, уобæл алли къахдзæфи дæр мæлæт ке бадуй...

Мæйдар... Фæсæмбесæхсæвæ. Астани «Малютка» цудæй дони бунти, фал си медæгæй ба адтæй инод æма тæвдæ. Матростæ æма афицертæ хедæй адтæнцæ донласти хузæн. Бензини смаг фиййи хъæлтæ æхгæдта. Рæстæгæй-рæстæгмæ иссæуидæ лодки æндон фарси хæр-хæр æма зæрди тогдадзинттæ скъудæнцæ æ ниудæй, сæрихъанз радор уидæ, цæститæ фæцъцъундæ уиуонцæ.

## «ГЪЕ, МÆ АМОНД ЦИ ФÆДТÆ?..»

Цæй хæр-хæр адтæй е? Лодкæ къæдзæхти астæу цудæй æма, æвæдзи, айнæг дортæбæл æхе хафта? Нæ, е ма уойбæрцæ тасдзийнадæ нæ уагътайдæ иуæнгти, кæд уæхæн бунат дæр лодкæн фидбилиз æй, уæддæр. Мадта цæй хæр-хæр æй? Цанæбæрæг гъудæй уой балæдæрунæн – е адтæй, минитæ баст кæмæй адтæнцæ, минрептæ ке хонунцæ, уони хæр-хæр. «Малютка» бахаудтæй денгизи римæхст минити астæумæ. Астанмæ уотæ кастæй, цума уонæй алкедæр уотæ æвзиста: «Нуртæккæ, еу минутти фæсте æз ниггупп кæндзæнæн æма уæ кой дæр нæбал уодзæнæй!..» Командæ игъуста, минреп куд хæр-хæр кодта лодки фæрстæбæл, уой, æма æнгъæлмæ кастæй æ адзали минутмæ.

Еци тæссаг уавæри акустик Сосновский, æ ихæс къæрцгъосæй æнхæст кæнгæй, командирæн фæд-фæди игъосун кодта:

– Минæ рахес борти рази... Минæ галеу борти рази...

Еугурæй дæр истухстæнцæ акустикæй æма æгириддæр ку неци дзурдтайдæ, уæд си фæббоз адтайуонцæ. Астан игъосгæ дæр нæбал кодта, – перископи кæсæнæй æнæсцохæй кастæй, цума æгириддæр нецæмæй тарстæй, уæхæн сабурхузæй æма сау мæйдари агурдта Севастополи рейдмæ бацæуæн. Фал фæууинæн неци адтæй цирти хузæн талингити. Прибортæ куд амудтонцæ æма æ зæрдæ куд дзурдта, уотемæй лодкæ хæстæг адтæй æ нисан бунатмæ. Минити будуртæ дæр фашисттæ фулдæр бацæуæнти искодтонцæ æма уотемæй кæрæй-кæронмæ æртухстæнцæ бæгъатæр сахарбæл.

Командир зæрдæй лæдæрдтæй, Херсонеси тегъæ фæстеггæй ке райзадæй, уой. Фал Константиновски равелин ба ци фæцæй? Хæстæг кæмидæр æй, æма 'й ку исуинидæ, уæд…

Минрепи хæр-хæр бабæй иссудæй рахес бортбæл. Е нæма фæмминкъийдæр æй, уотæ уайсахат иннæ минреп дæр æхе рахафта галеу бортбæл. Астан фæгъгъæр кодта машинисттæмæ: «Хуæрзсабур!» – æма ма лодкæ зинна-нæзинна змалдæй. «Уæхæн номер си нæма адтæй: дууæ миней астæути бабурæ! Гъе, мæ амонд, ци фæдтæ!..» – æ меднимæр рагъуди кодта Астан æма ниндæгътæй перископи кæсæнбæл, мæстгун разелæ-базелæ 'й кодта, цума

(Кæрон.
Райдайæн 35-аг номери.)

**Хъиримаг тугъди (1853-1856) рæстæг Севастопол гъæддухæй гъæуайгæнгути хъæппæресæй аци сахари 1869 анзи 26 сентябри байгон æй Уæрæсей Сауденгизон флоти музей, арæзт ба æрцудæй барвæндонæй нивондгонд фæрæзнитæй.**

уой фуд æй, уой хузæн. Уæхæн нæдтæбæл Астани размæ Севастополи рейдмæ бацудæй æ тугъдон æрдхуард Грешилови лодкæ. Уордигæй райервæзгæй, Михаил Василийи фурт уой фæсте е 'мбæлттæн ку дзурдта, минити «будури» астæу куд бахаудтæй, уой, уæд ибæл неке æууæндтæй, худтæнцæ ибæл, уотемæй дзурдтонцæ: «Цауæйнони аргъау!» Лодкæ минрептæбæл æхе хафа æма минæ ма фехæла, е аргъау æй! Дор ку нæй, миййаг, минæ минкъий бакъуæрдæй дæр ку фехæлуй!..»

Нур еци хабар Астанæй æруагæс кæнун райдæдта. Хуарз адтæй, е 'мбали радзурдмæ афойнадæбæл лæмбунæг ке байгъуста, е. Грешилови фæлтæрддзийнадæ 'й нуртæккæ багъудæй уоди хуаси хузæн æхсицгæ æма 'й фæнзта, уотемæй удуæлдайæй адзали æгъатир дзæмбутæй ервæзун кодта æ лодкæ, æ командæ æма æ ласуйнæгтæ.

– Игъосун дзармадзани гъæр, бомбити исрæмугъдтитæ, – фегъосун кодта акустик Сосновский.

Астан раздохæ-баздохæ кодта перископ æма 'й æ зæрдæ балæдæрдтæй, Малахови обауæй æрвнæрди хузæн дзармадзантæ ферттевæ-ферттевæ кæнунцæ, уой.

### «АГОРÆ ЗНАГИ ИССЕРУНÆН ÆМА 'Й ФÆДДÆЛДОН КÆНУНÆН РАВГИТÆ!..»

Минкъий фæстæдæр Константиновски федари цæхæртæ дæр фæззиндтæнцæ перископи кæсæни, батарейти нæрунæй низзир-зир кодта лодки корпус. Астан бæлвурд базудта, Севастополи бухтæмæ ке фæххæстæг кæнунцæ, уой, æма дзурд равардта лодкæ уæлдонмæ иснакæ кæнуни туххæй.

Экипаж, цума мæрдти бæстæй райервæзтæй, уой хузæн сæ цийнæн кæрон нæбал адтæй матростæ æма афицертæн. Лодки берæ механизмтæ искустонцæ æма Астани зæрдæ дæр куд нæ барохс адтайдæ!..

Лодкæ æрæнцадæй Хонсар бухти фæрсрæбун.

– Дизелтæ бауореметæ! Командæ – уæлдæфмæ! – загъта Астан.

Æма æхуæдæг дæр æрхизтæй – билгæрон лæууæнмæ. Æ фæсте рагæппитæ кодтонцæ иннетæ дæр æма уæлдæф зудæй нихъуардтонцæ. Уогæ 1942 анзи сæрдигон бонти Севастополи рæбун ци тугъдтитæ цудæй, уони фудæй уæлдæф дæр ами кæдзос кæми адтайдæ: топпихуасæ æма сугъдæнтти смаг фиййи хъæлтæ æхгæдта.

Мæйдари морякти алливарс рамбурд æнцæ циуавæрдæр сауæндæргтæ. Хъуритæ, батæ, арфитæ… Кæми ма адтæй кæрон цийнæн!

– Ка айтæ? – рафарста сæ Астан.

– Болкъон Потапови матрости бригадæй, – æмгъæлæсæй сæхе байамудтонцæ цалдæремæй. – Нæ удбæл хуæцгутæ, æгас нæмæ цотæ, æгас!..

– Кæми 'нцæ гилдзитæ æма гранаттæ? Тагъддæр! – еци æнæбухсонæй рафарстонцæ, Къесай-фурти лодки размæ ка рацудæй, уонæй еуетæ æма лодкæмæ бакалдæнцæ.

– Мах ба снарядтæ гъæуй. Кæми 'нцæ? Тагъддæр змæлетæ, æмбæлттæ, фриц сахаргæронмæ æрбайервазтæй… Цæмæй хуæцæн сæ нихмæ, е нæмæ нæбал ес, – тагъд кодтонцæ иннетæ.

– Бензин!.. Бензин байгон кæнетæ!.. Танкитæ лæугæ кæнунцæ! – фæдесхузæй агурдтонцæ иннетæ.

– Æрсабур бал уотæ, ма хæлæф кæнетæ! – мæйдарæй æрбайгъустæй Астанмæ кедæр фæллад гъæлæс. – Раст байуарун гъæуй хæзна!..

Фал ма интенданти дзурдмæ ка игъуста! Кæмæн æ бон цæйбæрцæ адтæй, уойбæрцæ гилдзитæ æма гранаттæ æнтъухта.

Бон цъæхтæ кæнун райдæдта, уотæ Астани рази февзурдæй ниллæггомау, фал бæзæрхуг афицер ругæйдзагæй æма лолæ цъиргæй.

– Арфæ дин кæнун, мæ хæлар! Фæййервæзун мин кодтай мæ цæргæсти! – загъгæ, Астани æ хъури никкодта æма ин батæ кæнуй, цума 'й мæлæтæй раздахта.

Æ ругæйдзаг, æнæдаст цæсгони гъестæ цъостæ кодтонцæ Астани ростæ, фал уой гъуди дæр нæ кодта уоййасæбæл æхцæуæн ин адтæй, Севастополи бæгъатæртæн афойнадæбæл ке фæййагъаз кодта, е…

Тугъди фиццаг анз раргом кодта дæлдондзæуæг флоти берæ гъæндзийнадтæ æма рæдудтитæ, берæ фæгъгъæздугдæр æнцæ флоти тактикон фадуæттæ. Астанæн, лодкæ ремонтгæнгæй, рæстæг адтæй уонæбæл арф рагъуди кæнунæн, дæлдон тугъди фæлтæрддзийнадæ исахур кæнунæн. Айдагъ æхуæдæг нæ, фал æ команди дæр исахур кодта нæуæгдзийнадтæ агорунбæл.

Æрбабон æй, уотæ лодкæ бахъæрттæй нисангонд районмæ æма нур цудæй дони буни, перископæй уæлдон будуртæ сгаргæ.

Цудæнцæ сахæттæ... Æмбесбон иссæй, фал знаги наутæн сæ хъуæцæ дæр некæцæй ма зиндтæй. Астан сагъæси бацудæй: «Цума фæррæдудайнæ? Æви нæхе сгарæг хуæдтæхæг раст нæ байамудта район, кенæ ба знаг цирдæмæ рандæй, уой нæ равзурста?»

Нур лодки командиртæн сæ бартæ фæффулдæр æнцæ тугъди фиццаг анзи хæццæ рабаргæй. Агъаз нин кодтонцæ тъасхæгæнæг хуæдтæхгутæ, амудтонцæ син знаги наутæ кæбæлти цæуиуонцæ, еци рауæнтæ. Командирæн æ бон адтæй амунд районæй идарддæр цæун дæр: агорæ æма знаги кæмифæнди дæр иссерæ, бампурсæ имæ атаки æма 'й фæддæлдон кæнæ.

та ци район байамудта, уомæ дæр раст æрбацудайанæ. Иссерун гъæуй знаги... Цæйбæрцæ дæ бон æй, уомæй архайæ наути гъæр æрахæссунбæл, Сосновский.

Лодкæ цудæй æма цудæй. Астан æ цæстæ нæ иста перископæй. Сахат, дууæ сахатти... Æртиккаг сахат ку рацудæй, уæд акустик Сосновский хуæрзæнгорæггаг фæцæй æ командирмæ.

– Ес! Æрахæстон винтти унæр! – цийнæгæнгæй загъта Василий æма байамудта градус.

– Хуарз, хъæбæр хуарз! – исдзурдта командир æма лодкæ исаразта пеленгаторæй æрахæст унæри курсбæл.

Фæццудæнцæ бабæй сахат æма æрдæг. Астан æма æ агъазгæнæг кæрæдземæй истонцæ перископ, уотемæй кастæнцæ


КЪЕСАТИ Астан (галеуæрдигæй) æ тугъдон æмбæлтти хæццæ.

Цудæнцæ æма цудæнцæ пеленгатори амунд курсбæл. Рацудæй бабæй сахат. Дзæгъæли уонцæ уойбæрцæ гъезæмæрттæ? Нæ, уæртæ æрбазиндтæнцæ наути трубатæ! Лодки штурмæн исбæрæг кодта бæлвурд курс. Мæнæ цийни хабар! Пеленгатори амунд æма перископæй исбæлвурд курси астæу хецæндзийнадæ 'й айдагъдæр градуси æрдæг. Хуарз, хъæбæр хуарз! Къохи бафтудæй нæуæгдзийнадæ æма 'й Астан ниффинста вахти журнали. Сосновскийæн дæр бардзурди финстæй зæрдиаг арфæ!..

Астани куд ахур кодтонцæ, уотемæй акустикон прибортæ нæ, фал перископæй идарддæрмæ ес исуинун. Теори æма практики уойбæрцæ аргъ нæ адтæй пеленгаторæн, унæр шумопеленгаторæй æрахæссунæн. Раст уа е? Ахургæндтæ бæлвурд базудтонцæ гидрологий æууæлтæ æма раст ралух кодтонцæ визуалон æма пеленгаторæй архайуни мадзæлттæ? Равзарун гъæуй гидрологий ахургæндти рæстдзийнадæ. Уæхæн æй Астани зæрдихатт: алци фæлварун дæр имæ хуарз кастæй æма бабæй нур дæр æ теоретикон гъуди гъæуама равзара практики.

### НÆУÆГДЗИЙНАДÆ ÆРГЪУДИ КÆНУНГЪОН БАЛХОН УÆЛАХЕЗ КÆНУЙ

Командир фæдздзурдта акустикмæ, дзæвгарæ фæдздзубанди кодтонцæ гидрологий туххæй, денгизи знагæн куд иссерæн ес, уой федаргонд æгъдæуттæбæл, уæдта Астан загъта:

– Мæ цæнгтæ фæрристæнцæ перископ раздохæ-баздохæ кæнунæй, мæ цæститæ ниррæсудæнцæ денгизмæ кæсунæй, фал... Гъо, фал знаги наути фæд ку нæ ерæн, уæд ци киндæуа? Нæ ми æруагæс кæнуй, тæхæг фæррæдудайдæ, е. Мад-денгизи лигъз будурмæ. Цъеу тæхæг дæр нæ уидтонцæ. Никкидæр ма фæццудæнцæ сахат – дууæ сахатти... «Гæрр, раст нæ уа пеленгатори амунд? Нæ, кæронмæ 'й равзарун гъæуй!..»

Фал мæнæ Астан перископæй исуидта хъуæцæхуз къубулойнæгæндтæ.

– Сосновский, ци зæгъуй дæ пеленгатор? – фæрсуй Астан акустики.

– Винтти унæр хъæбæрдæр игъусуй... Знаг идард нæбал æй! – дзуапп равардта акустик.

Командир æууæндтæй æ акустикбæл. Пеленгатор нæ амонуй, зæгъæ, уæд хъуæцæхузæ къубулойнити гъуди дæр нæ 'ркодтайдæ. Фал абони Астан лух кæнуй еумæ баст дууæ ихæси: фиццаг, перископæй идардмæ фæууинæн ес æви унæр идарддæрмæ æрахæссæн æма дуккаг ба знаги иссерун, уæдта æй фæддæлдон кæнун. Фиццаг ихæс – æ наукон, теоретикон фæлтæрæн имæ минкъийдæр нæ кастæй дуккаг ихæсæй – знаги иссерун æма уомæ атаки бацæунæй. Æ фæлтæрæн ку фæррæстмæ уа, уæд е уодзæнæй нæуæгдзийнадæ, еугур флот кæмæй пайда кæндзæнæй, уæхæн нæуæгдзийнадæ, æноси дæргъи си теоретикон амундæй пайдагонд цæуй, уой ка райевдзæнæй, уæхæн нæуæгдзийнадæ!

### «ТÆХОДУЙ, ÆМА ДÆ УАРЗОН ХЕУÆНТТÆБÆЛ БАЦИЙНÆ КÆНÆ!..»

…«Малютка» æ идард балцийæй базæмæ 'рбаздахтæй дууæ уæлахездзийнадей хæццæ: командæ атаки бацудæй æма знаги æртæ науемæй еуей фæддæлдон кодта. Фашисттæ ци тугъдон техникæ æма æфсæддонтæ ластонцæ Кавкази фронтмæ, уони æртиккаг хай нæбал бахъæрттæй сæ бунатмæ: торпедитæ æмгупп ибæл исæмбалдæй æма 'й знаг зонгæ дæр нæ бакодта, кæцирдигæй æй ниццавтонцæ, уой...

Къесати Астан æма æ акустик Василий Сосновский, сæ уæди тугъдон фæлтæрддзийнадæй хатдзæгтæ искæнгæй, советон гидрологи фæгъгъæздугдæр кодтонцæ мæнæ уæхæн нæуæгдзийнадæй – æргъуди кодтонцæ мадзал пеленгаторæй берæ изолдæрмæ знаги наути цуд базонунæн æма сæ æзгулимæ гæсгæ дæр сæ нихмæ æнтæстгинæй атакæ исаразунæн... Фал ма нæ дæлдондзæуæг лодкитæмæ торпедитæ фулдæр ку уайдæ. Тæходуй, æма «Малютка»-мæ еу æхсæз-аст торпеди уæддæр ку уайдæ!.. Уæд Астан знæгти разæй нæ раздахтайдæ – иннæ науи нихмæ дæр бацудайдæ атаки æма, ка 'й зонуй, уой дæр, цидæриддæр си адтæй, уони хæццæ рарвистайдæ фиццаги надбæл. Фал гъулæг æй, хъæбæр гъулæг, æ лодки бун фулдæр торпедитæ ласунæн равгæ ке нæййес, е. «Малютка» дæр æй, æвæдзи, уой туххæй хонунцæ.

Тæходуй, æма нур æ цийнæдзийнадтæ æ хеуæнттæн ку радзоридæ, æ еунæг бæдолæ Славикки ку нихъхъури кæнидæ, æ мадæ, æ фиди, æ хуæрти æма е 'нсуæрти рази ку рабадидæ, фæндурæй син кæддæрау хузæн, еуминкъий ку рацæгъдидæ... Фал е ке къохи æфтуйуй!..

***РЕДАКЦИЙÆЙ:***

*Къесати Астани цардвæндаги хабæрттæ, уæлдайдæр ба æ тугъдон æскъуæлхтдзийнадтæ уоййасæбæл æггæрон берæ адтæнцæ, æма сæ радзорунæн газети еу æрмæг не 'сфагæ уодзæнæй. Уомæ гæсгæ бал абони фæууодзинан нæ дзубанди, фæстæдæр ба нæ газети æндæр номерти мухур кæндзинан, куд нисан кæнæн, уотемæй æхе имисуйнæгтæ дæр.*

**Ленинграды фронти æма Сурхтурусагин Балтийаг флоти æфсæдтæ 1944 анзи 27 сентябри райдæдтонцæ Моонзунди архипелаг, немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни операци (фæццудæй 24 ноябри уæнгæ).**

*Мать – дочери:*
*– Выбирать мужа надо с умом. Вот твой папа может починить все что угодно: машинку, электричество, сантехнику. И мебель, если поломается, тоже починит. Так вот, если ты найдешь себе такого же мужа, то у тебя никогда не будет ничего нового!..*

* * *

*– Когда я пришел последний раз домой выпивший, дети меня не узнали...*
*– А когда протрезвел?*
*– Тогда я понял, что попал в чужую квартиру...*

## ДÆХЕ РАЗИ РАСТ КУ УАЙ, УÆД ЕСКЕТÆ БА ЦИДÆРИДДÆР ДЗОРÆНТÆ!..



# УОДÆЙ ФЕДАР – ЦАРДГЪОН!..

**1.** Дæ куст цæй хæццæ баст æй?

а) исфæлдистади; б) адæми; в) цардиуагон домæнтæ æнхæст кæнуни; æфтуйæгтæ есуни; д) нимæдзти.

**2.** Хуæздæр ци рауæн бауолæфун æнгъезуй?

а) дони билæбæл; б) туристон балцити; в) æрдзи гъæбеси пъалатки; г) хуæнхти; д) фæсарæнти.

**3.** Хуæруйнæгтæй ци равзарис:

а) æхсири продукттæ; б) фид; в) рæзæ æма халсартæ; г) инсадæй конд хуæруйнæгтæ; д) ци уа, е хуарз.

**4.** Дæ хеуонтæй кенæ зонгитæй ескæбæл фембæлгæй…

а) раба ин кæнис; б) æ къох ин райсис, дæ хъури æй никкæнис; в) æ усухъæ ин æрхуайис; г) къохтæй салам раттетæ кæрæдземæн; д) е дин ци хузи салам радта, ду дæр ин уотæ.

**5.** Дæхе æхснун дæмæ куд хуæздæр кæсуй:

**6.** а) души бунмæ; б) ванни; в) абанай; г) цæугæдони; д) хе уомæл къохмæрзæнæй æрсæрфтитæ кæнун.

**7.** Цай кутемæй уарзис цумун…

а) тæбæгъæй; б) цай цумæнæй; в) устур къосæй; г) уедугæй; д) минкъий къосæй.

**8.** Уæледарæсæн ци уарзис дарун…

а) еухузон уæледарæс; б) еу хузи æма æрттевагæ; в) фæйнæхузон; г) бæрæг ка дара, уæхæн фæйнæхузон; д) æнæзингæ.

### ХАТДЗÆГТÆ

Фарстатæн ци дзуæппитæ равзурстай, етæ циуавæр дамугъатæй амунд æнцæ, уони банимайгæй искæнæ хатдзæгтæ. Дамугъатæ баст æнцæ сирдти нæмтти хæццæ.

**Дамугъа «а»** – амонуй тикис. Уарзис уодæн æнцон кæми уа, уæхæн фæлмæн уавæртæ, уарзис сæребарæ, еци-еу адæймаги хæццæ æстæн хатт исбæтдзæнæ дæ ирисхъæ. Кæрæдзей хуæздæр балæдæрун дæ бон ке хæццæ 'й, етæ 'нцæ: тикис, хæлаур æма куй.

**Дамугъа «б»** – амонуй куй. Дæ бон æй гъуддаги дæхе федарæй равдесун. Зæрдæдарæн кæбæл ес, уæхæнбæл дæ нимайунцæ, дæ алфамбулай ци зонгитæ ес, етæ, уæлдайдæр ба зин уавæрти бахаугæй. Дæ зæрдæмæ хæстæгдæр лæуд æнцæ: куй, фус, маргъ æма тикис.

**Дамугъа «в»** – амонуй фус. Хуарз зæрдисконд дин ес, цæстуарзон дæ, фал дин тæссаг æй фæливд уодти гадзирахатдзийнади армитæмæ бахаунæй. Дæ зæрдихатмæ хæстæгдæр лæуд æнцæ: фус æма куй.

**Дамугъа «г»** – амонуй маргъ. Дæ сæнтти уацари дæ. Уарзис, адæм дæмæ цæмæй фулдæр æргом æздахонцæ, уæхæн рахаст. Аргъ кæнун æй дæ бон æууæнкæ æма фæлмæнзæрдæдзийнадæн. Дæ зæрдихатмæ хæстæгдæр лæуд æнцæ: маргъ æма куй.

**Дамугъа «д»** – амонуй хæлаур. Дæ гъуддæгутæбæл рагацау рагъуди кæнун æй дæ бон, зонис размæнтун дæр, дæхуæдæг ба фæсвæд байзайис, утемæй. Дæ циргъзунд, гъуддагон, айдагъдæр арæхсæ дæ еци уодигъæдон менеугутæй хуарз гъуддæгути пайда кæнун. Хæлаур æма тикис – де 'мдзогæнгутæ.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Номдзуд украинаг поэт Тарас Шевченкой æ хъазайрадон дæлбарæдзийнадæй ка фæййервæзун кодта, еци номдзуд уруссаг хузæгæнæг ка адтæй?**

а) Карл Брюллов. б) Орест Кипренский. в) Иван Крамской.

**2. Уæрæсейаг космонавттæй кæций нимайунцæ космосон къарæесуйнади къабази бундорæвæрæгбæл?**

а) Павел Попович. б) Андриян Николаев. в) Сергей Крикалев.

**3. Адæймагæн æ бауæри кæци хай медиктæ хонунцæ «умбиликус»?**

а) Бæрзæй. б) Наффæ. в) Къах.

**4. Тъорт «Сурх хъæдавæ» цæттæ кæнунæн æнæмæнгæ ци æрдзон хуарæн æрмæгæй пайдагонд цæуй, уой циуавæр зайæгойæй есунцæ?**

а) Гранатæй. б) Галлискъæфæй. в) Къумбулæй.

**5. Дуйней тæккæ рагондæрбæл нимад ка цæуй, еци æфсæнвæндагон вагзал байгон кодтонцæ Устурбританий (Англий) 1830 анзи. Кæци сахари?**

а) Бирмингеми. б) Ливерпули. в) Манчестери.

**6. Медицинон къабæзтæй кæцими пайдагонд цæуй виротерапи – вирусти фæрци дзæбæх кæнуни мадзал?**

а) Флебологий. Б) Психиатрий. в) Онкологий.

**7. Тибетаг дæснитæ дæргъвæтийнæ æма амондгун цардæй фæццæруни сосæгдзийнæдтæбæл нимайунцæ: «Дууæ хатти минкъийдæр хуæрæ, фал цæугæ ба кæнæ дууæ хатти фулдæр, ходæ æртæ хатти фулдæр...» Еци зундгин унаффæмæ гæсгæ ба ма еудадзугдæр ци кæнун гъæуй?**

а) Уарзун. б) Игъосун. в) Тох кæнун.

**8 Ирани ци æнахур национ бæрæгбон бæрæг кæнунцæ алли анз дæр 26 декабри, е циуавæр æрдзон фудæрцуди хæццæ баст æй?**

а) Зæнхæзмæлд. б) Донракæлд. г) Сухæ рæстæг.

* * *

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 35-аг номери мухургонд фарстатæбæл.**

1. Мавритани. 2.Халиуа. 3. Басугъдæй. 4. Шахтер. 5. Нидерландтæ. 6. Сейсмологи.

## ДЕССАГÆН ДЗОРУЙНАГ ХАБÆРТТÆ

***Цихузи дессæгтæ ба не 'рцæуй царди медæгæ!.. Кæцидæртæ си адæймаги ходун дæр фæккæнунцæ, кæцидæртæ 'й сагъæсти бафтаунцæ, кæцидæртæ ба… Уогæ, мæнæ абони ци цалдæр хабарей кой кæнæн, етæ дæр дессаг куд нæ 'нцæ!..***

### БЕРÆ ДЗОРИС – ИВАР БАФЕДÆ

Даний æфсæнвæндæгти управленимæ цудæнцæ æма цудæнцæ гъæститæ, сæ синхæгти сæ фурдзорунæй хорхæй ка маруй, еци бæлццæнттæбæл.

Æма уæд бафæлваруни хузи хецауадæ исфæндæ кодта «æнæдзоргæ купетæ» поездти иснисан кæнун. Берæ дзоруни туххæй си федун гъæудзæнæй ивар. Билетти аргъ ба еци кусти, ке зæгъун æй гъæуй æй иннетæй фулдæр.

* * *

*Бæргæ, Уæрæсей дæр уотæ иваргонд ку цæуиуонцæ, гъуддæгутæ гъæугæ хузи аразуни бæсти сæ дзæнгæдатæй адæми ка фæлмæцун кæнуй, еци чиновниктæ.*

### РÆСТЗÆРДÆ ДАВÆГ

Канадæйаг сахар Пренс Альбертой пости сейф ку никъкъахтонцæ æма си дæс мин доллæремæй фулдæр ку рахастонцæ, уæд дуккаг бон компаний архайгутæмæ телефонæй бадзурдта… давæг æма загъта, æхца ке рахаста «æфстау», æ гъуддæгутæ ку банивæбæл кæна, уæд æхца фæстæмæ сæ бунати ке исæмбæлун кæндзæнæй. Уомæй цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте постмæ 'рбацудæй æхцай еу хай. Утемæй сæ бафиста фæстаг центи уæнгæ.




* * *

*Цума, уæхæн уодигъæдæ разиндзæнæй, Уæрæсей еугурадæмон есбойнадæбæл ка хæлæф кæнуй, уонæмæ? Æвæдзи, нæ…*

### ДАВÆГГАГ ФАРСБÆЛ НÆ ХУÆЦУЙ

Никарагуай сæйраг сахари цæрæг, Данийæй æрбацæуæг Матс Лундвалл федарæй исфæндæ кодта, цийфæндийæй дæр иссерун, ке ин радавтонцæ, æ еци тотийи. Гъуддаги пъæлицæ дæр æрбакæнгæй, æхуæдæг æвæллайгæй зелун æма тъасхæ кæнун байдæдта цæрæгойтæ уæйæгæнæг берæ тукæнттæ. Æма æ хъиамæттæ нæ фæдздзæгъæли 'нцæ – еу туканмæ бацæугæй, е райгъуста къуæзгæ «дæ бон хуарз» æ идард райгурæн бæсти æвзагбæл.

* * *

*Уæрæсей еугурадæмон есбойнадæй давд ка 'рцудæй, еци алæмæти агъазиау фæрæзнитæ иссерун зин бæргæ нæй, зин сæ раздахун æй, уомæн æма сæ радавгутæ сæ фæсарæнти (фулдæр – нæ нихмæ архайæг паддзахæдти бабунат кодтонцæ). Уоми ба, æнгъæлдæн, беретæн сæбæл «фусунтæ» сæ дзæмбутæ æрæвардтонцæ…*



Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службæ Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2089**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 27.09.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 27.09.2024.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**